

Èske Etazini Se Nouvo Kay Ou?

Pwogram gratis pou timoun piti yo disponib pou fanmi ki gen timoun piti ki elijib yo.

Pwogram Head Start yo sipòte kwasans timoun soti sou nesans pou rive laj 5 an atravè plizyè sèvis, ki gen ladan aprantisaj ak devlopman, sante epi byennèt. Kèk pwogram Early Head Start preskolè sèvi sèlman fanmi ki gen timoun ki gen laj nesans jiska 3 an. Pwogram Early Head Start yo sèvi fanmi ki gen timoun laj nesans jiska 3 zan, epi anpil nan yo sèvi fanmi k ap tann akouchman yo.

Pwogram nou yo ede timoun yo pare pou yo reyisi nan lekòl ak nan lavi yo atravè eksperyans aprantisaj ki adapte ak bezwen epi kapasite aktyèl yo.

Pwogram sa yo kapab disponib nan plizyè espas selon bezwen, ki gen ladan gadri pou fanmi yo, pwòp kay ou, ak sant Head Start ak Early Head Start yo.

Tout pwogram Head Start yo sèvi fanmi ki soti nan divès orijin kiltirèl e ki pale diferan lang.

Sèvis Head Start yo pou Timoun ak Fanmi

Sèvis pou Timoun yo

Aprantisaj ak Developman Bonè

- Nou bati relasyon solid kòm fondasyon aprantisaj bonè.
- Nou sipòte aprantisaj atravè jwèt, ekspresyon kreyatif, ak aktivite gide.
- Nou sipòte developman sosyal ak emosyonèl timoun yo.
- Nou prezante bonè konsèp matematik, syans, lang ak literati nan lang timoun yo pale lakay yo ak nan lang angle.

Sante ak Byennèt

- Nou ankouraje developman fizik, andedan ansanm ak deyò kay.
- Nou sèvi manje maten, manje midi, ak bon ti goute.
- Nou fè tès medikal, dantè, oditif, vizyon ak konpòtman.

Byennèt Fanmi ak Patenarya Fanmi

- Nou ofri sèvis pou paran ak fanmi yo
- Nou ede fanmi yo jwenn asistans nan moman difisil yo.
- Nou ede fanmi yo idantife ak atenn objektif yo, tankou objektif ki gen rapò ak lojman, travay, edikasyon, epi wòl paran an.
- Nou envite paran yo pataje enfòmasyon ak lide sou pitit yo.
- Nou envite paran yo ofri fason pou amelyore eksperyans timoun ak fanmi yo nan pwogram nan.

Sèvis Enfimite

- Nou bati sou fòs timoun yo.
- Nou endividalyize eksperyans yo pou satisfè bezwen chak timoun.
- Nou kolabore ak paran epi ajans komunitè yo lè nou bezwen plis evalyasyon.

Sèvis Sante Mantal

- Nou ede fanmi yo konprann epi sipòte bezwen pitit yo.
- Nou ede ak sèvis sante mantal pou timoun ak fanmi, si sa nesesè.



Chèche konnen si fanmi w elijib pou Head Start oswa Early Head Start jodi a!

Aprann plis lè w kontakte yon pwogram ki toupre w!

Jwenn plis enfòmasyon sou elijibilite fanmi w ak anplasman pwogram yo nan <https://acf.hhs.gov/headstart>.

Rele gratis 1-866-763-6481 si w gen kesyon.

OSWA®

Kontakte pwogram lokal sa a pou plis enfòmasyon:

